




Epatit A Gid pou Dezenfeksyon pou Twalèt Piblik yo

Epatit A atrapan.

Viris Epatit A prezan nan pou pou moun ki gen viris la. Si yon moun ki gen viris la pa lave men li apre li sot nan twalèt, li ka transfere pou pou sou moun, objè, manje ak bwason.



Ou dwe netwaye sifas moun manyen souvan yo.

- Wobinè yo
- Lavabo yo
- Twalèt ak komod yo
- Sifas kizin yo
- Chèz wo yo
- Machin a glas yo
- Manch pòt yo
- Telekòmman yo
- Plak switch limyè yo
- Telefòn yo
- Klavye yo
- Balistrad yo
- Tab ak chèz yo
- Chèz woulant ak wòkè yo
- Atik an twal yo
- Ekipman lwazi

Sèvi avèk dezenfektan ki touye epatit A

Solisyon Klowòks

Melanje 1^{2/3} tas klowòks ak 1 galon dlo (5000 ppm). Sèvi ak li touswit pou netwaye:

- Asye inoksidab
- Atik ki gen rapò avèk manje ak kontak avèk bouch
- Mozayik ak lòt sifas ki pa penetrab yo
- Kontè, lavabo ak twalèt yo



Lòt Dezenfektan yo

Kòm klowòks la ka manje oswa andomaje sèten sifas, ou ka oblije sèvi avèk yon dezenfektan diferan: **asire ou ke li touye epatit A.** Li etikèt ak fich teknik pwodui yo.

Lè w ap netwaye:

- Tcheke si zòn lan byen klere.
- Mete gan.
- Mete kouvèti ki pwoteje rad ou.
- Kenbe dezenfektan yo lwen lòt pwodui chimik yo.

Etap pou swiv pou netwaye vomi oswa pou pou:

Bloke zòn ki kontamine a **IMEDYATMAN.**

1. Mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (**Personal Protective Equipment, PPE**): de je gan (ou pral double gan yo), yon mask, pwoteksyon pou zye oswa yon pwotèj figi, epi yon blouz oswa yon bagay menm jan k ap pwoteje kò ou ak rad ou.
2. Netwaye tout vomisman oswa pou pou ki vizib. Sèvi ak materyèl absòban jetab tankou sèvyèt papyè oswa chifon jetab. Manyen sèvyèt oswa chifon ki kontamine yo toupiti otank posib.
3. Mete sèvyèt oswa chifon ki kontamine yo nan yon sak plastik rezistan.
4. Dezenfekte zòn nan ansanm ak objè ki antoure kontaminasyon an: sèvi avèk yon dezenfektan ki touye epatit A.
5. Lè ou fin netwaye ak dezenfekte, wete PPE a nan lòd sa a: wete gan sou deyò yo epi kite sa anndan yo nan men ou, wete blouz ou epi apre sa, wete mask ou.
6. Mete PPE a nan yon sak plastik rezistan.
7. Pandan gan anndan yo nan men ou toujou, pran tout sak plastik yo pou ou jete yo nan yon vesò fatra ki gen sekirite. Pa kite sak yo touche kò ou ni rad ou.



Pa transmèt epatit A nan travay ou.

Lave men ou avèk savon ak dlo tyèd k ap koule pandan 20 segonn:

ANVAN OU

- Mete gan jetab.
- Prepare manje.
- Chanje soti nan travay ak manje kri epi al travay avèk manje ki tou pare pou manje.
- Travay avèk manje ki pa anbale.
- Chanje travay nan kizin.
- Manyen oswa sèvi manje.
- Manyen vesèl ak istansil pwòp.
- Manyen vesò oswa istansil a anpòte.
- Netwaye ekipman.



APRE OU FIN

- Manyen pati nan kò imen ki touni ki pa men ak bra ki pwòp.
- Sot nan twalèt.
- Manyen ekipman oswa istansil sal.
- Touse, etènye oswa itilize yon mouchwa oswa klinèks.
- Itilize tabak, manje oswa bwè.

**DEZENFEKTAN
POU MEN
KI ABAZ ALKÒL
YO PA TOUYE
JÈM EPATIT
A YO!**

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele liy enfòmasyon pou epatit A, lendi jiska Vandredi, 8 a.m. – 5 p.m., gratis: 1-844-CALL-DOH (844-225-5364).

Imèl: HepA@flhealth.gov

Jwenn plis enfòmasyon: FloridaHealth.gov/HepA CDC.gov/Hepatitis Immunize.org/Hepatitis-A